

The Water School Manyèl Fòmasyon



Pati I: Ijyèn



Dyare

- Toujou vle di ke ou malad
 - li pa nòminal pou okenn moun, pa menm timoun
 - li se dezyèm pi gwo koz lanmò kay timoun
- Nou dwe pwoteje tèt nou pou nou pa pran dyare



Mikwòb



- Mikwòb se ti bagay tou pitit ki vivan
 - twò piti pou wè ak zye
 - Yo sòti nan pou pou ak nan moun ki malad
- Nou pran dyare nan mikwòb ki antre nan kò nou

Mikwòb

- Mikwòb simaye menm lè ou touche
- Lè ou malad ou simaye mikwòb trè fasil
 - sa fè kò moun malad tou!



Mikwòb



- Manje gate lè mikwòb antre ladan li ak repwodwi anpil ladan li ak repwodwi plizyè fwa
- Se konsa mikwòb fè kò nou malad tou



Men Sal

- Lè men nou genyen mikwòb nan yo, nou fè mikwòb yo antre nan
 - manje ak dlo nou
 - lòt moun
 - nenpòt sa nou touche
- Anpil fwa men nou kapab genyen mikwòb nan yo menm lè yo parèt pwòp!



Men Sal

- Nou dwe lave men nou ak savon depi yo sal
- Menm si yo parèt pwòp, nou dwe toujou lave men nou
 - avan manje
 - apre itilize twalèt la




Manje Sal



- Mikwòb kapab antre nan manje ou de
 - men sal
 - dlo sal
 - veso sal
 - nenpòt sa ki sal

- Nou pa dwe kite anyen touche ak manje nou!

Dlo Sal



- Rivyè ak lak nòmalmann genyen anpil mikwòb nan yo ki sòti nan

- poubèl
- benyen
- poupou bèt
- latrin

anndan oubyen pre dlo a

Dlo Sal

- Lè nou bwè dlo ki genyen mikwòb ladan li, mikwòb la antre anndan kò nou epi fè nou malad
- Nou pa dwe bwè dlo ki genyen mikwòb ladan li



Ijyèn - Revizyon

- Nou dwe pwoteje tèt nou kont mikwòb, sinon nou pral vin malad
- Nou dwe lave men nou
 - avan manje
 - apre itilize twalèt la
 - nenpòt lè yo sal
- Nou pa dwe kite anyen ki sal touche ak manje nou, sitou men sal



Pati II: SODIS





SODIS - Dezenfektan Solè



- Nou te aprann ke nou kapab malad lè nou bwè dlo ki genyen mikwòb nan yo
- SODIS se yon fason vrèman fasil pou netwaye dlo nou pou li ka bon pou bwè



Solèy



- Solèy kapab tiye mikwòb, ak pwoteje nou kont maladi
- Si nou mete boutèy dlo nan solèy la, mikwòb yo ap mouri
- Genyen 4 etap fasil

Etap 1: Prepare boutèy yo

- Retire etikèt yo nan boutèy ki pwòp, ak pa grave
 - etikèk, gravi, ak tè bloke limyè a



- Gwosè boutèy SODIS yo kapab jiska 2 lit

Etap 2: "Tès Dwèt" la

- Pou limyè solèy la ka klere sou mikwòb yo, dlo a dwe klè
- Si ou kapab konte 4 dwèt ou yo atravè boutèy la, dlo a klè ase pou SODIS



Etap 2: "Tès Dwèt" la

- Si ou pa kapab konte kat dwèt ou yo
- Mete dlo a nan yon gwo veso
- Tè a ap desann anba dousman



Etap 2: "Tès Dwèt" la



- Lè li vin klè, revide dlo a tou dousman nan boutèy la
- Repete "tès dwèt" la

- Epitou ou kapab fè dlo a pi klè lè ou pase li nan plizyè kouch twal

Etap 3: Chwazi yon kote



- Ou sipose mete boutèy yo sou yon bagay ki di, tankou bwa oubyen brik
 - tab ki fèt ak metal yo mache trè byen
 - Pa mete yo atè a
 - genyen anpil mikwòb atè a!
- Boutèy yo sipoze an fas solèy la tout jounen an - san lonbray

Etap 4: Ekspozisyon

- Ou kapab itilize plizyè boutèy alafwa pou w kapab toujou genyen dlo



- Boutèy yo sipoze an fas solèy la tout jounen an
 - depi solèy leve jiska solèy kouche

Etap 4: Ekspozisyon

- Ekspoze boutèy yo pou yon jou si genyen anpil solèy
- De jou si tan an kouvri ak nyaj
- Pa konte yon jou ki genyen lapli



Bwè!

- Apresa, dlo a pral parèt menm jan ak genyen menm gou an, men mikwòb yo mouri - ou kapab bwè li!



- Bwè dlo a direktman nan boutèy la
 - pou nouvo mikwòb pa ka antre
 - dlo a ap rete pwòp

SODIS- Revizyon

- Solèy la kapab tiye mikwòb yo ki nan dlo
- Mete dlo a nan boutèy ki pwòp, ak pa grave
- Pa bliye konte dwèt ou atravè boutèy la





SODIS- Revizyon



1

- Ekspoze boutèy yo pou yon jou si genyen anpil solèy



2

- De jou si tan an kouvri ak nyaj



X

- Pa konte yon jou ki genyen lapli

Konyea la ou kapab pwoteje tèt
ou ak fanmi ou kont maladi
dlo moun pran nan dlo!

